**Ят1онэрэ класс.**
**Еджэнымрэ жабзэм ихэгъэхъонрэ.**

***(Тхьэмафэм сыхь. 2. Зэк1эмк1и сыхь. 68-рэ. Класснэ еджэныр- сыхь.56-рэ,унэ еджэныр - сыхь.12)***
**Тематикэр** ***Тиунагъу, ти1ахъылхэр, тиеджап1, тикъуадж (тикъал), тиреспублик (сыхь. 8)***
Къуаджэр (къалэр) зыдэщыс ч1ып1эр, ащ идэхагъ, районэу зыхахьэрэр, унагъомрэ 1ахьылхэмрэ, еджап1эр. Ц1ыф ц1эры1оу кьуаджэм (къалэм) дэсхэр. Ти Адыгэ Республика къырык!огъэ хъишъэм, республикэм ибаиныгъэ, идэхагъэ, икъушъхьэхэм, ипсыхъохэм, имэзхэм, икъэлэ шъхьа1эу Мыекъуапэ афэгъэхьыгъэ рассказхэр, усэхэр, орэдхэр, статьяхэр.
Адыгэ Республикэм и Гимн, и Быракъ, и Герб. Республикэм щыпсэурэ ц1ыф лэпкъ зэфэшъхьафхэм язэкъошыныгъ.
Тематикэм фэгъэхьыгъэ гущы1эжъхэмрэ хырыхыхюмрэ.
***Гъэмэфэ тхьагъомрэ бжыхьэ баимрэ (сыхь. 5)***
Гъэмафэм фэгъэхьыгъэ гукъэк1ыжьхэм, бжыхьэм ом зэхъок1ыныгъэу фэхъухэрэм, бжыхьэм ибаиныгъэ, ц1ыфхэм зэш1уахырэ 1офш1энхэм, ахэмэ к1 элэеджак! охэм я1ахьэу хаш1ыхьэрэм, к1элэц1ык1у джэгук1эхэм яхьыл 1агъэу тхыгьэхэр, гущы1эжъхэр, хырыхыхюхэр.
***Ор кьэтыухьумэмэ типсаунытгъэ къэтэухъумэ (сыхь.6)***
Щыфыр ом зэрэфэсакърэр, псэушъхьэхэмрэ къэк1ыхэмрэ зэрафэгумэк1рэр, ахэр къызэриухъумэрэр, к1 элэеджак 1 охэм ащк1э яш1уагъэу къак1орэр къэзгьэлъэгъорэ рассказхэр, усэхэр, статьяхэр, гущьйэжъхэр, хырыхыхьэхэр.
***Сыд фэда дэгъур, сыд фэда дэир? (сыхь. 7)***
К1элэц1ык1ухэм зэхэтык1э дэхагъэу ахэлъым, ахэр зэрэзэгуры1ожьхэрэм, язэныбджэгьуныгъэ, ш1уагьэ къэзытрэ 1офэу агъэцак1эхэрэм, шъхьэк1эфагъэу, адыгэгьэ шэн-хэбзэ зек1уак1эхэу ахэлъхэм афэгьэхьыгъэ рассказхэр, усэхэр , пшысэхэр, гущьйэжъхэр.

*К1ымэфэ чэфыр къэсыгъ (сыхь. 6)*
К1ымафэм идэхагьэ, псыхъомрэ мэзымрэ язытет; псэушъхьэхэм, къолэбзыухэм ящы1ак1э; ц1ыфхэм 1офэу аш1эхэрэм, к1элэц1ык1ухэм яджэгук1эхэм яхьыл1эгьэ рассказхэу, усэхэу, статьяхэу усак1охэм атхыгъэхэр, сурэтыш1хэм аш1ыгьэхэр; гущы1эжъхэр, хырыхыхьэхэр.
*Родинэр ти1офш1агъэхэмк1э тэгъэлъап1э (сыхь. 5)*
Ц1ыфхэм 1офэу зэш1уаххэрэм, щы1эныгьэмк1э 1офш1эным мэхьанэу и1эм, сэнэхьат зэфэшъхьафхэм, дэгьоу уи1оф бгьэцак1эмэ, ащ щытхъоу пылъым к 1эл эеджак 1охэм 1офш 1энэу зэш 1уаххэрэм яхьыл эгьэ рассказхэр, усэхэр, статьяхэр, гущы1эжъхэр.
*Тэ тищык1агьэр мамырныгъ, зэкъошныгъ (сыхь. 4)*
Тидзэк1ол1хэм ягъэхъагъэхэм, блэк1ыгъэ зэошхом ахэр пыим зэрэщытек1уагъэхэм, тек1оныгъэр къыдэхыгъэным зэдыфэбанэхэзэ, тихэгъэгу щыпсэурэ ц1ыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм зэкъошныгьэу зэдыря1эр нахь гьэпытэгъэным, зэкъошныгьэмрэ мамырныгьэмрэ мэхьанэу я1эм,

л1ыхъужъныгъэм, зэфагъэм афэгъэхьыгъэхэу писательхэмрэ поэтхэмрэ атхыгъэ рассказхэр, усэхэр, орэдхэр.
*Гъэтхэ нашхъор (сыхь. 5)*
Шъэожъыехэр янэхэм, янэжъхэм, пшъэшъэжъыехэм зэрафэгуш1охэрэр, ахэмэ шъхьэк1афэ зэрафаш1ырэр. Гъатхэм ом изэрэщыт, псэушъхьэхэм гъатхэм ящы1ак1э зыфэдэм, нахьыжъхэм гъатхэм 1офхэу аш1эхэрэм, ахэмэ к1элэеджак1охэр зэрадэ1эпы1эхэрэм, к1элэц1ык1ухэр гъатхэм зэрэджэгухэрэм афэгъэхьыгъэ хырыхыхьэхэр, пшысэхэр, гущы1эжъхэр, рассказхэр, усэхэр.
*Адыгэ шэн-хэбзэ зэхэтык1эхэр (сыхь. 5)*
Адыгэ хэбзэ дахэхэм - нахьыжъым лъытэныгъэ фэш1ыгъэным, зек1ок1э-ш1ык1э дахэм, 1ушыгъэм, шъхьэк1эфэныгъэм, шъыпкъэны-гъэм, зэфагъэм, хьалэлныгъэм яхьыл 1 эгъэ рассказхэр, усэхэр, пшысэхэр, гущыйэжъхэр.
*Жэры1о народнэ творчествэр (сыхь. 6)*
Темэ зэфэшъхьафхэм (1офш1эным, л1ыгъэм, гъэсэныгъэм, нэмык1хэм) афэгъэхьыгъэ пшысэхэр, гущыйэжъхэр, хырыхыхьэхэр.

***Тэ гъэмафэр тик1ас (сыхь.4)***
Гъэмафэм ом изэрэщытым, губгъо ык1и унагъо 1офш1энхэм, к1элэеджак1охэр нахьыжъхэм 1эпы1эгъу зэрафэхъухэрэм яхьыл1агъэу писательхэмрэ поэтхэмрэ атхыгъэхэм ащыщхэр. Хэтэрык1хэмрэ пк1ышъхьэ-мышъхьэхэмрэ яхьыл1эгъэ хырыхыхьэхэр.
***Езбырэу зэрагъаш1эмэ хъущтхэм ащыщхэр:***
*Хьаткъо А.* Лэжьыгъэм имаф, *Пэрэныкъо М.* Мартым яенэрэ мафэр. *Жэнэ Къ.* Зыгъэкъабз. Синан. *Мэщбэш1э И.* Маим ибгъур. *Хьадэгьэл1э А.* Тиухъумак1у. *Бэрэтэрэ Хь.* Гъатхэм итхьщ. *Къуекъо* ***Н.*** К1ымаф. *Къумп1ыл Къ.* Родинэр. *Бэгь Н.* Елкэм дэжь. *Нэхэе Р.* Нымэ яш1уш1агъ.
***Еджэкэнымк1э къулайныгъэхэу агъотын фаехэр:***
-имэхьанэ къагуры1оу, тэрэззу, 1упк1эу, рэхьатэу, яцыхьэ зытелъыжьэу, гущы1э псаухэр зэ къа1оу къа1озэ (гущы1эр хьылъэу, пычыгъуабэ мэхъумэ пычыгъо - пычыгъоу) кьеджэнхэр;
-апэрэ илъэсныкъом зы такъикъым ямынэ1осэ текстым щыщ гущы1э 20-30, ят1 онэрэ илъэсныкъом - гущы1э 30-40 кьеджэнхэр;
-тамыгъэу хэтхэм адиштэу гущы1эухыгъэ ужым къызэтеуцохэзэ къеджэнхэр;
-текст мыиныщэхэм амакьэ мы1оу яджэнхэр; -зэджагъэхэм ямэхьанэ къагуры1оныр.
***Тхылъым 1оф даш1эн алъэк1эу егъэсэгъэнхэм пае к1элэеджак1охэм ягъэгъотыгъэн фэе къулайныгъэхэр:***
-зэджагъэхэм е зылъыплъагъэхэм къапкъырык1ырэ упч1хэм яджэуап тэрэзхэр къатыжьынхэр;
-к1элэегъаджэр къызаджэрэм, къы1уатэрэм едэ1унхэ, ар к1элэегъаджэм афигъэуцугъэ упч1эхэм атетэу игъэк1отыгъэу къа1отэжьыныр;
-сурэтхэм къагъэлъагъохэрэм е пычыгъохэм шъхьэу я1эхэм ялъытыгъэу рассказым а ч1ып1эхэр къыхагъэщынхэр;
-сурэтхэм афэгъэхьыгъэ гущы1эухыгъэхэр текстым къыхагъотэнхэр;

-сурэтмэ язэк1элъык1уак1э тетэу текстым имэхьанэ къа1отэжьыныр;
-ямэхьанэк1э зэпэблэгъэ гущы1эхэр зэрагьэпшэнхэр;

-текстым хэт гущы1эхэм ямэхьанэ къагуры1оныр;
-а зы гущы1эм мэхьанэ зэфэшъхьафхэр и1эн зэрилъэк1ыщтым гу лъатэныр;
-хъугъэ-ш1агьэхэм , ом фэгъэхьыгьэ сурэтхэм афэгьэхьыгьэ гущы1эхэр ык1и псэлъэ щэрыохэр к1лэегъаджэр я1эпы1эгъоу текстым къыхагьэщынхэр;
-зэджагьэхэр жэбзэ дахэк1э къа1отэжьыныр;
-упч1эхэр агъэуцухэзэ, текстыр пычыгъо-пычыгъоу агощыныр;
-къызэджагъэхэм анахь мэхьанэ шъхьа1эу и1эр къэзыгьэлъэгьорэ гущы1эухыгьэхэр к1элэегьаджэр я1эпы1эгьоу текстым къыхагьэщынхэр;
-произведением фэгъэхьыгьэ сурэтхэм ямэхьанэ упч1эхэмк1э зэхафыныр;
-хъугьэ-ш1эгъэ гьэнэфагъэ зыхэт пшысэм е рассказым имэхьанэ къа 1о-тэжьыныр;
-ом зэрэлъыплъагьэхэм къапкъырык1ыхэзэ, к1элэегьаджэр я1эпы1эгьоу рассказ зэхагьэуцоныр;
-зэрэджэгухэрэ ш1ык1эр къа1отэжьыныр;
-шпысэхэр, рассказхэр, усэхэр, хырыхыхьэхэр, гущы1эжъхэр зэхамыгьэк1о-к 1энхэр;
-к1элэц1ык1у тхылъхэм ащыгьозэнхэр;
-к1элэеджак1охэр илъэсым заулэрэ зэрихьыл1эгьэ к1элэц1ык1у писательхэм алъэкъуац1эхэр аш1энхэр;
-зы нэк1убгъом щегьэжьагьэу нэк1убгьуитфым нэс зиинэгьэ усэхэм, пшысэхэм, рассказхэм ежь-ежьырэу яджэнхэр;
-тхылъым ык1ышъорэ инэк1убгьохэмрэ аш1 энхэр;
-зы 1офыгьом ехьыл1эгьэ тхылъ заулэхэм ащыгьозэнхэр;
-хъугьэ-ш1агьэу зылъыплъагъэхэм, тхылъхэу зэджагьэхэм ахэт л1ыхъужъхэм яц 1ыфыгьэ- зек 1уак 1э уасэ фаш1ыныр;
- зэджэгьэ произведениехэм ащыщ ч1ып1э зэфэшъхьафхэр инсценировать аш 1ынхэр.

**Адыгейская литература 2 ч. - в неделю; 68 ч. - в год**

| | Содержание материала | Кол - во часов | По плану | Факти чески |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Ш1уфэс сентябрэр! Бэгь Нурбый. | 1ч. | | |
| 2 | Адыгэ республикам и Гимн. Тиреспублик. | 1ч. | | |
| 3 | Къумп1ыл Къ. Родинэр. Мэщбэш1э И.Тихэгъэгу. | 1ч. | | |
| 4 | Кощбэе П. Тикъал. Бэрэтэрэ Хь. Тикъэлэ лъап1. | 1ч. | | |
| 5 | Вн. едж. Къамзэгур. | 1ч. | | |
| 6 | Къуекъо Н. Тикласс .Жэнэ Къ.Хэгьэгум исыхьат шъхьа1. | 1ч. | | |
| 7 | Къуекъо Н.Ти Конституцие. Бэрэтэрэ Хь. Дунаим ыц1эр ч1ыгу. Ощ пай. | 1ч. | | |
| 8 | Жабзэм ихэгъэхъон. Гъэмафэр зэрэдгъэк1уагъэр. Бэрэтэрэ Хь. Осэпс. | 1ч. | | |
| 9 | Хъымыщыкъо Хъ. Осэпсыцэ. Хьадэгъэл1э А. Типцэжъые Лабэ щесы. | 1ч. | | |
| 10 | Вн. е. Къушъхьэхэр. | 1ч. | | |
| 11 | Жэнэ Къ. Ощх ужым. Хьадэгъэл1э А. Колхозым тыдэ1эпы1э. | 1ч. | | |
| 12 | М. Исаковский . Бзыухэр мэбыбыжьых. В. Бианки. Къолэбзыухэм ябыбыжьык1. | 1ч. | | |
| 13 | К1эрэщэ Т. Бжыхьэ к1ас. Хьаткъо А. Лэжьыгъэм имаф. | 1ч. | | |
| 14 | Жабзэм ихэгъэхъон. Природэм иш1ухьафтынхэр. | 1ч. | | |
| 15 | Вн. е. Ч1ыхъумбый. | 1ч. | | |
| 16 | Жэнэ Къ. Къутэмэ гъугъэхэр. И Сладков. Пц1ашхъу. | 1ч. | | |
| 17 | В. Бианки. Бзыу лэжьак1охэр. Жэнэ Къ. Адышэс бзыу благьэ и1. | 1ч. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 18 | Цуякъо Дж.!эпэ1асэу зытэгъасэ. Пэрэныкъо М. Шъынахъу. | 1ч. | | |
| 19 | В. Осеева. Шэн дэгъу. М. Коцюбинский . !эпы1эгъуипш1. | 1ч. | | |
| 20 | Вн. е. Шыжъымрэ Мэзл1ыныкъомрэ. | 1ч. | | |
| 21 | Мырзэ Дз. Пк1ау ц1ык1ур. | 1ч. | | |
| 22 | Пэнэшъу С. Инэйпсыягъэ къыфихьыгь. | 1ч. | | |
| 23 | Жэнэ Къ. Адыгэ къуаджэхэр. | 1ч. | | |
| 24 | Пэнэшъу С. Шъхьэщытхъужьым къехъул1агьэр. | 1ч. | | |
| 25 | Вн. е. Осымрэ тхьак1умк1ыхьэмрэ. | 1ч. | | |
| 26 | Жабзэм ихэгъэхъон. Сурэтымк1э рассказ. К. Ушинский. Сыдри ич1ып1э щылъын фае. | 1ч. | | |
| 27 | Цуякъо Ю . Зэмыжэгъэхэ л1ыгъэр. | 1ч. | | |
| 28 | В. Осеева. К1элэеджак1ор ныом 1эпы1эгъу зэрэфэхъугьэр. К. Ушинский. Димэ ыш1агьэр. | 1ч. | | |
| 29 | Пэрэныкъо М. Бгъашхъомрэ чэтыужъымрэ. Пк1эшъэхъумрэ бжьэмрэ. | 1ч. | | |
| 30 | Вн.е. Бэджэжъыемрэ къалыркъэщымрэ. | 1ч. | | |
| 31 | Жэнэ Къ. Зыгъэкъабз. Мэщбэш1э И. Дэпкъ сыхьат. | 1ч. | | |
| 32 | Цуякъо Дж. Буквэ ин. Сурэтымк1э рассказ. | 1ч. | | |
| 33 | Къуекъо Н. К1ымаф. Г. Скребицкий , В. Чаплина Щтыгъук1. | 1ч. | | |
| 34 | И. Соколов- Микитов. Мэзыр К1ымафэм. | 1ч. | | |
| 35 | Вн. е. Сэрэп ар. | 1ч. | | |
| 36 | Бэгъ Н. Осыр къесы. Г. Скребицкий , В. Чаплина. Сыда к1ымафэм пхъэу1ум ышхырэр? | 1ч. | | |
| 37 | Жабзэм ихэгъэхъон. Бэрэтэрэ Хь. К1ымэфэ мыл. | 1ч. | | |
| 38 | И. Соколов- Микитов. Осыр- джэдыгум ыч1ып1. | 1ч. | | |
| 39 | Нэхэе Р. Елкэм дэжь. | 1ч. | | |
| 40 | Вн.е. Хэт !эгуаор къыхьыщт? | 1ч. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 41 | Цуякъо Дж. Пхъэшъхьэк1э мыл. | 1ч. | | |
| 42 | Къуекъо Н. Тэгъэт1ысхьэ гъэтхэ сад. Жэнэ Къ. Ситэтэжъ. | 1ч. | | |
| 43 | Мэщбэш1э И. Пшъэшъэ хъупхъ. Къуекъо Н. Тиколхоз и1эхъогъу. | 1ч. | | |
| 44 | Жэнэ Къ. Сурэтыш1 | 1ч. | | |
| 45 | Вн.е. Аргъои шхьащытхъужь. | 1ч. | | |
| 46 | Пэнэшъу С. Шыр - ц1ыфым иныбджэгъуш1у. | 1ч. | | |
| 47 | В. Бианки . Бэджэ тхьагъэпц1ымрэ - псычэт 1ушымрэ. | 1ч. | | |
| 48 | Къумп1ыл Къ. Дзэк1ол1ым иорэд. | 1ч. | | |
| 49 | Вн.е. Шыжъым иосиет. | 1ч. | | |
| 50 | Кощбэе П. Дзэк1ол1 л1ыхъужъ | 1ч. | | |
| 51 | Шъхьэлэхъо А. Андырхъое Хъ. | 1ч. | | |
| 52 | Жэнэ Къ. Даутэ имурад. | 1ч. | | |
| 53 | В. Бороздин . Космонавт. | 1ч. | | |
| 54 | Мэщбэш1э И. Маим ибгъур. | 1ч. | | |
| 55 | Вн.е. Л. Толстой. Мышъищ | 1ч. | | |
| 56 | Лъэустэн Ю . Гъэтхэ пчэдыжь. К. Ушинский . Шъхьэнгъупчъэм тет сад. | 1ч. | | |
| 57 | Цуякъо Ю. Къэгъэгъэ 1эрам. | 1ч. | | |
| 58 | Жэнэ Къ. Дэк1о бзак1оу зызгъэсэщт. Синан | 1ч. | | |
| 59 | Жэнэ Къ. Апэрэ къэгъагъ. | 1ч. | | |
| 60 | Вн. е. Чэщ шак1у. | 1ч. | | |
| 61 | Бэрэтэрэ Хь. Гъатхэм итхыд. | 1ч. | | |
| 62 | Нэхэе Р. Бэрэ маир къытфэрэк1у. Бэрэтэрэ Хь. Тиеджап1.. | 1ч. | | |
| 63 | Жэнэ Къ. Джар пэрыт о ягъа1у. | 1ч. | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 64 | Ак1угъэм ик1эджык1ыжьын. Усэхэмрэ рассказхэмрэ. | 1ч. | | |
| 65 | Вн. е. Цуякъо Ю. Зэныбджэгъухэр. | 1ч. | | |
| 66-68 | Вн.е. Гъэмрэ к1ымрэ. Зэфэхьысыжь урок. | 1ч. | | |